

PWOJÈ ISLAND END RIVER SOU PWOTEKSYON KONT INONDASYON (ISLAND END RIVER FLOOD RESILIENCE PROJECT - IER)

FÒMILÈ NOTIFIKASYON SOU ESPANSYON ANVIWONNMAN
(EENF, KI VLE DI "EXPANDED ENVIRONMENTAL
NOTIFICAITON FORM")

DESKRIPSYON PWOJÈ A

Vil Chelsea ak Everett pwopoze pou yo bati yon baryè kont inondasyon sou kòt la, ak yon estrikti pou kontwole dlo siklòn pote, ak solisyon natirèl ki ka sèvi arebò rivyè a, ak lòt akseswa nan Island End River ("IER") nan Vil Chelsea ak Everett (kote pou fè "Pwojè" a). Anplasman Pwojè a, ki mezire anviwon 9.5 kawo tè, kounye a se yon konbinezon aktivite komèsyal ak endistriyèl, ak wout ki sèvi yo, ak enfrastrikti pou sèvis itilite piblik. Kounye a, rebò rivyè yo nan yon move eta poutèt domaj endistriyèl, epi sa ki estabilize yo se travay yo fè pou konsolide pant yo, avèk anpil fatra sou yo. Pwojè IER yo pwopoze pou Pwoteksyon kont Inondasyon an (nou pral kontinye rele "Pwojè" a) bati yon baryè kont inondasyon anviwon 4,640 pye lineyè ("lf" ki vle di "linear foot"), ak yon enstalasyon anviwon 2,900 pye kare ("sf" ki vle di "square foot") pou kontwole dlo ki soti anba tè, ak anviwon 50,000 pye kare solisyon natirèl arebò rivyè a, epi fè amelyorasyon nan marekaj ak nan kote ki gen aksè piblik arebò IER la.

Pwojè a genye ladan eleman pwoteksyon kritik kont inondasyon sa yo:

Dispozisyon pou Pwoteksyon sou Bò Lès ("RPE", ki vle di "Resilience Provisions East") – Eleman sa a nan pwojè a se yon baryè kont inondasyon ki soti nan siklòn, sou bò Chelsea nan IER la. Epitou, pwojè a pral genyen fasilite piblik tankou yon pwomnad sou kote rivyè ki solid; y ap bati li tankou yon waf elve ak rebò ki gen plant pou pèmèt piblik la rive bò dlo a pi fasil. Island End Park se yon melanj espas vèt sovaj ak teren kiltive, ki pèmèt kominote a jwenn yon aksè limite nan bò dlo a. Yo pral ranje pak la kòm yon pati nan pwojè a. Eleman sa a pwoteje non sèlman enfrastrikti kritik nan rejyon Chelsea a, men li pral pwoteje tou plizyè kay nan katye ki nan zòn jistis anviwonmantal la ("EJ" ki vle di "Environmental Justice") ak katye ki manke sèvis yo.

Enstalasyon pou Kontwole Dlo Siklòn ("SSCF", ki vle di "Storm Surge Control Facility") – Yo pral bati estrikti sa a nan sòti egou Market Street ki la kounye a nan IER la, pou anpeche inondasyon fè dega lè gen siklòn sou kòt yo. Zòn ki resevwa dlo nan kote sa a mezire anviwon 200 kawo tè, epi yo konsidere popilasyon nan zòn sa a kòm EJ, kidonk moun ki manke sèvis. Nòmalman, yo pral kite baryè kontwòl SSCF yo louvri, pou pèmèt egou a ak seksyon ki fouye yo resevwa dlo, lè nivo a monte. Epi tou, pral gen yon dispozitif pou kontwòl ki pral enstale nan sistèm ekoulman Beacham Street la, pou anpeche dlo retounen nan sistèm ekoulman dlo inondasyon ki la kounye a.

Dispozisyon pou Pwoteksyon sou Bò Wès ("RPW", ki vle di "Resilience Provisions West") – Pwojè sa a, se yon baryè kont dlo siklòn ki pral enstale sou bò Everett nan IER la, ki nan yon Zòn Rezève nan Pò a ("DPA", ki vle di "Designated Port Area"); li gen fòm yon miray siman vètikal ki kanpe poukont li, ak baryè kont inondasyon ki pwoteje biznis k ap travay nan pò a kont inondasyon sou kòt la. Eleman sa a pa sèlman pwoteje DPA a, men tou li pwoteje enfrastrikti enpòtan yo, tankou koridò transpò prensipal yo, ak kay kote plis pase 6,000 mon rete ki genyen moun yo konsidere kòm EJ, kidonk moun ki manke sèvis.

Solisyon Natirèl ("NBS", ki vle di "Nature-based Solutions") – Pou teren an pant sou bò rivyè a, si yo bezwen reparasyon, yo pral sèvi avèk yon konbinezon vejetasyon lokal sou rebò siperyè yo, ansanm ak potaflè an siman pèfore, ki gen bwa di anndan yo, avèk zèb marè sale sou pant lan. Potaflè yo pral dekore avèk jwenti an wòch natirèl, epi y ap ranje yo pou lè mare a wo oubyen ba, sou anndan ak deyò, pou fè enstalasyon an modilè, ak ajistab, ak pou enstalasyon yo pa pran twòp plas lè mare a ba. Enstalasyon sa a adaptab tou - paske lè nivo dlo a monte, potaflè a tounen yon sipò pou balàn ak kristase kapab jwenn manje.

Ranfòsman Marè yo – Pwojè a pral amelyore sante zòn marè salan ki rete nan IER yo, paske l ap retire Fragmit envazif yo (*Phragmites australis*), lè yo replante ak konsève espès lokal yo, ak retire gwo kantite fatra ak debri ki nan zòn resous sa a. Epi tou, yo pral travay sou pwoblèm ewozyon ak vejetasyon ki manke epesè nan zòn resous ki sou kòt la toupre IER la, avèk bon jan pwogram pou mete plant lokal ki solid, ansanm ak travay estabilizasyon pant yo.

Pwojè a kritik pou pwoteksyon plenn inondab IER yo, ak pou sifas ki ba nan Chelsea ak Everett yo; kote sa yo gen katye moun ki manke sèvis pou jistis anviwonmantal ("EJ", ki vle di "Environmental Justice"), epi ki manke bon enfrastrikti transpò (ray tren ak wout), ak sant pou swen sante, ak magazen manje ki sèvi kominote a, ak yon lekòl segondè piblik, ki pral yon pati nan plenn inondab IER la anvan lane 2070 pase. Epitou, Pwojè a pral ranfòse zòn ki gen resous yo, ak amelyore aksè piblik nan IER la, ak investi nan Pak Island End River la. Kolaborasyon reyonnal ant minisipalite basen Mystic River la, ak òganizasyon ki travay san fè bennefis yo, ak lòt patnè ankò, sèvi anpil nan devlopman inisyativ sa a pou pwoteksyon kont inondasyon, paske li resevwa anpil patisipasyon nan moun ki enterese yo ak nan kominote a.

KONDISYON KI LA KOUNYE A

IER la depann sou Mystic River, epi wotè mare a gen yon enfliyans sou li. IER la genyen Everett sou rebò wès li, ak Chelsea sou rebò lès li. IER la gen yon Kannal Navigasyon Federal ki mezire sis pye pwofondè, ak 2,500 pye longè, depi Mystic River, pou monte Island End River, epi rive nan Admirals Hill Marina nan Chelsea. Kannal la gen 90 pye lajè nan bout ki pi ba a, ak 100 pye lajè nan bout ki pi wo a. Zòn ozalantou a devlope anpil avèk yon gwo kantite sifas kote moun pa ka antre, ak enfrastrikti ki twò piti pou dlo inondasyon. Se nan zòn sa a ou jwenn enfrastrikti ki enpòtan anpil, tankou New England Produce Center, katye jeneral reyonnal pou FBI la, Massachusetts General Hospital,

Estasyon Ponp Carter Street nan Vil Chelsea, Williams Middle School, ak Chelsea High School. Gade Figi 1, Kat sou Zòn Pwojè a (Project Locus Map).

AVANTAJ POU PIBLIK LA AK POU KOMINOTE A

Avantaj Pwojè a genyen ladan, men san se pa sa sèlman:

- Ranfòsman pwoteksyon litoral la avèk yon nouvo baryè kostal 4,640 pye lineyè, ak aliyman baryè kont inondasyon anndan tè, ki dwe mezire kat pye wotè oubyen plis, pase Baz Elevasyon kont Inondasyon ki la kounye a, pou pwoteje aktivite endistriyèl, komèsyal, ak kominotè yo;
- Amelyorasyon fasad ki devan dlo nan kote Pwojè a, avèk reparasyon litoral ewode a, ansanm ak solisyon natirèl;
- Envestisman nan Island End Park ki la kounye a, tankou siyalizasyon edikatif nan plizyè lang ki pale nan kominote a, nouvo ban, ak lòt enstalasyon nan sit la, ak plant dekoratif, ak lòt travay;
- Amelyorasyon aksè litoral la pou piblik la, avèk konstriksyon yon pon rezistan pou pyeton - ki se yon sifas an bwa pou moun pwomennen, ki bati wo, epi ki mezire anviwon 940 pye longè ak 10 pye lajè;
- Konstriksyon yon twotwa pou pyeton sou Beachman Street;
- Pwoteksyon pou anviwon 11,000 anplwaye, koridò pou transpò ki enpòtan anpil, eleman kle tankou Mass General Hospital Chelsea, Williams Middle School, Chelsea High School, Excel Academy, ansanm ak yon katye jeneral reyonnal FBI, ak kay ki genyen ladan yo kominote EJ nan vil Everett ak Chelsea;
- Kreyasyon ant 670 ak 1,000 travay nan Pwojè a pandan 36 mwa aktivite li yo ap fèt;
- Etablisman yon Gwoup Konseye Kominotè (Community Advisory Group), k ap gen ladan yon demi douzèn moun k ap sèvi kominote a, pou bay evalyasyon sou avantaj piblik Pwojè a; epi
- Fòmasyon Gwoup Travay Moun Enterese yo (Stakeholder Working Group), k ap gen ladan plis pase 20 reprezantan ki soti nan sektè prive biznis endistriyèl la, nan Chelsea ak Everett, pou fè konnen analiz yo sou Pwojè a.

ENFÒMASYON POU FÈ KONTAK

City of Chelsea
Dept. of Housing & Community Development

City of Everett
DPW - Engineering

500 Broadway
Chelsea, MA 02150

484 Broadway
Everett, MA 02149


Kontakte:

Alexander Train, AICP
atrain@chelseama.gov
(617) 466-4192

Erik Swanson, P.E.
erik.swanson@ci.everett.ma.us
(617) 394-2251


Ànèks: Figi 1 - Kat sou Zòn Pwojè a (Project Locus Map)

Figi 2 - Pyès ki montre Pwojè Pwoteksyon kont Inondasyon IER (IER Flood Resilience Project Exhibit)



Chelsea, MA
Everett, MA

Figi 1
Kat sou Zòn Pwojè a
Source: Fort Point Associates, Inc., 2022



Preparasyon Weston & Sampson 24 Janvyè 2023